



Pou Piblikasyon Imedya: 11/05/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO AK GOUVÈNÈ CHRISTIE VOYE YON LÈT A YO DE A, POU MANDE JESYON PRIVE PENN STATION

Jodi a, Gouvènè New York Andrew M. Cuomo ak Gouvènè New Jersey Chris Christie voye yon [lèt](#) a yo de a bay PDG Amtrak la pou mande jesyon prive Penn Station.

Men tèks lèt la:

“Sitiyasyon nan Penn Station nan te mal; apre sa li vin pi mal toujou; kounye a li entolerab. Tout moun k ap pran tren nan zòn New York/New Jersey dakò avèk nou: nou dwe pran aksyon radikal pou ranje sitiyasyon an imedyatman. Vwayajè nou yo, nan toude eta yo, pèdi tan, enèji, e lapè nan tèt. Sa mande pou nou ranje sa.

Amtrak pase plizyè dizèn d ane kote li pa envesti ase, kifè enfrastrikti Penn Station yo te sansès vwe alechèk. Sa ki fè sitiyasyon sa a vrèman inakseptab, se gwo peman eta nou yo bay Amtrak pou asire li te fè bon jan reparasyon nan Penn Station. Kounye a n ap bezwen bon jan espè pou amelyorasyon radikal e kontinyèl kondisyon sa yo, sou yon peryòd pwolonje, pou ranje kondisyon transpò sitwayen nou yo.

Li klè ke nou bezwen gwo reparasyon imedyatman, men yo p ap ase: non sèlman nou bezwen reparasyon dijans, nou bezwen chanjman sou fason yo jere byen sa yo.

A yo de a, New York ak New Jersey peye apeprè 150 milyon dola pa ane pou nou toude sèvi ak estasyon an. Fason Amtrak jere Penn Station nan kontinye vwe alechèk, kifè nou panse nou bezwen yon chanjman. Yo dwe angaje yon pwofesyonèl prive ki kalifye pou jere estasyon an, ki pou pran ka reparasyon ak jesyon tout pwosesis la pi devan.

Se dwa nou pou nou apwouve nenpòt ki kontraktè prive Amtrak chwazi an repons a demann nou yo ak seri echèk ki lakòz pwoblèm sa yo nan Penn Station. Sitiyasyon aktyèl la entolerab e chanjman yo pa ka tann ankò.”

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418